



Detay sou Rekonpans pou Patisipasyon nan Healthcare Bluebook

Nouvo Pwogram Rekonpans lan ap kòmanse nan dat 1ye Janvye 2024

Kisa Rekonpans pou Patisipasyon ye?

Rekonpans pou Patisipasyon (Engagement Rewards an angle) se nouvo pwogram rekonpans ou a. Jwenn plis ak pi gwo rekonpans! Ou ap gen bezwen achte sou Healthcare Bluebook pou w kapab elijib pou benefisyé yon rekonpans. Kòmanse pandan w ap tape pwosedи w la nan ba rechèch la nan paj akèy Healthcare Bluebook la.

Kijan m ap konnen mwen elijib pou m patisipe nan pwogram Rekonpans pou Patisipasyon an?

Si ou se yon anplwaye aktyèl ki gen kouvèti asirans sante ki aktif nan moman sèvis swen sante a bay rekonpans lan, ebyen ou menm ansanm ak moun ki sou kont ou ki nan pwogram asirans la ap elijib pou nou patisipe nan pwogram Rekonpans pou Patisipasyon an.

Kijan mwen kapab kalifye pou yon rekonpans?

Kalifikasyon pou yon rekonpans se yon pwosesis a de (2) etap li ye.

1. Itilize Healthcare Bluebook pou chèche ak konpare pri sèvis swen sante w yo nan oswa anvan jou w ap bezwen sèvis la. Ou kapab chèche ak konpare pri sèvis ak Healthcare Bluebook nan nenpòt fason ki ekri pi ba yo:
 - Konekte epi chèche sit entènèt Healthcare Bluebook la
 - Konekte epi chèche aplikasyon mobil Healthcare Bluebook la
 - Rele sèvis manm Healthcare Bluebook la nan 888-316-5217
 - Kontakte sèvis man Healthcare Bluebook la lè ou konekte ak seleksyon sekson ki di "kontakte nou"
2. Itilize yon etablisman Fair Price™ (ki gen klasman pri koulè vèt la), presizeman:
 - Pou sèvis pasyan ki pa entène lopital epi ki kapab gen rekonpans yo, itilize yon etablisman ki gen yon klasman pri koulè vèt pou w kapab kalifye pou rekonpans lan.
 - Pou sèvis pasyan ki entène lopital epi ki kapab gen rekonpans yo, itilize yon etablisman ki gen yon klasman kalite ak yon klasman pri ki gen koulè vèt pou w kapab kalifye pou kantite rekonpans ki pi plis lan. Yon lòt opsyon ki genyen se itilize yon etablisman ki gen yon klasman kalite ak yon klasman pri ki gen koulè jòn pou w kapab kalifye pou kantite rekonpans ki pi ba a. Li senp!

Eske mwen kapab resevwa yon rekonpans kèlkeswa lè m al chèche epi konpare pri sèvis mwen an?

Non. Ou dwe itilize Healthcare Bluebook nan peryòd 12 mwa anvan w resevwa sèvis la, li te mèt se nan menm jou w resevwa sèvis la. Sepandan, si ou itilize Healthcare Bluebook epi apre sa a ou retade yon sèvis pou plis pase yon lane, asire w ou itilize Healthcare Bluebook ankò anvan w resevwa sèvis sa a.

Rekonpans pou Patisipasyon yo:

- N ap distribiye rekonpans yo chak mwa. Rekonpans yo kapab gen reta ladan yo poutèt tan sa pran pou nou faktire ak trete reklamasyon yo.
- N ap voye rekonpans yo pa lapòs nan adrès lakay ou epi n ap adrese l bay anplwaye a, kèlkeswa manm fanmi ki ap resevwa swen sante a.
- Rekonpans lan ap parèt sou fòm yon kat debi epi ou dwe aktive kat debi w la.
- Rekonpans yo tou vin ak yon lèt ki gen eksplikasyon ladan l.
- Ou ka resevwa plizyè rekonpans pou sèvis yo ba w nan menm jou a. Pa egzanp, kèk fwa yon pasyan kapab bezwen pou yo fè yon Imajri Rezonans Manyetik (MRI) nan jenou l epi youn pou senti li nan menm jou a. Nan ka sa a, pasyan an t ap resewva yon rekonpans apa paske l itilize yon pwofesyonèl swen sante ki gen anpil valè pou tou de sèvis yo.
- Enstitisyon ki anplwaye w la rezève dwa pou l genyen pou l modifie oswa sispann pwogram rekonpans la nenpòt ki lè.

Tranzisyon Rekonpans pou Patisipasyon yo:

Rekonpans yo gen pou wè ak Dat Sèvis la. N ap konsidere rekonpans pou reklamasyon ki gen dat sèvis nan ane 2023 yo nan kad kantite rekonpans ki atribiye pou ane 2023 a. N ap konsidere rekonpans pou reklamasyon ki gen dat sèvis nan ane 2024 yo nan kad kantite Rekonpans pou Patisipasyon an. Ou dwe patisipe (chèche ak konpare pri sèvis) nan Healthcare Bluebook pou w jwenn rekonpans ane 2024 yo. Reklamasyon nou resevwa nan ane 2024 yo men ki gen dat sèvis 2023 yo, n ap distribiye yo nan kad pwogram rekonpans 2023 a rive jous nan mwa mas 2024.

Gade nan do a....



Healthcare Bluebook™

1

AKSEDE HEALTHCARE
BLUEBOOKSou òdinatè, laptòp ak tablèt ou:**healthcarebluebook.com/cc/mdcps**Sou telefòn mobil ou:

Telechaje Aplikasyon an.

Kòd Mobil: MDCPS1

2

CHÈCHE NAN BLUEBOOK
ANVAN W PWOGRAME

Ou dwe chèche pwosedi w la gras ak Healthcare Bluebook sou oswa jiska 12 mwa anvan dat sèvis w ap resevwa a epi itilize yon etablisman Fair Price™ pou pwosedi w la si w vle kalifye.

Toujou tcheke estati rezo a anvan w pran randevou.

3

KALIFYE POU YON REKONPANS!!!

1. Anvan w pran randevou, chèche ak konpare pri pwosedi w la gras ak **Healthcare Bluebook**
2. Itilize yon etablisman **Fair Price™** ou prefere
3. Genyen jiska \$1,500 rekompans nan pwosedi ki kalifye yo

Ou pa gen okenn fòm oswa lòt demach w ap gen pou w fè. Li otomatik!

Moun ki sou responsabilite w yo elijib tou pou rekompans yo. Tanpri kite ant 60 a 90 jou pase pou n ka trete li.

Jiska
\$1,500
Rekompans
pa pwosedi

Lis Pwosedi a Rekompans moun Konn Fè Souvan yo

Ou kapab wè lis konplè a nan <https://www.healthcarebluebook.com/cc/mdcps/rewards>

Litotripsi - \$350

Plasman Tib nan Zòrèy - \$350

Kolonoskopi - \$150

Operasyon Chiriji Jenou - \$350

Chiriji Nen - \$350

Chiriji Tinèl Kibital - \$250

Tès Estrès Kadyak - \$50


Chiriji Katarat - \$150

Ranplasman Atikilasyon - \$1,000

Fizyon Kolòn Vêtebral - \$1,500

Isterektoni - \$1,000

Andoskopi Siperyè - \$150

**Verifye!**[healthcarebluebook.com/cc/mdcps](https://www.healthcarebluebook.com/cc/mdcps)**888-316-5217**

Telechaje
Aplikasyon an:



Kòd Mobil:
MDCPS1